**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**TAShKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI**
**NO`KIS FILIALI**

**ZOOTEXNIYA FAKUL`TETI**

**«Ekonomika ha`m awil xojalig`in basqariw» kafedrasi**

# «Investitsiyalaw ha`m joybarliq analiz»

**pa`ninen**

# ***KURS JUMISI***

**Tema:** **Sırt el investitsiyalardı O`zbekstang`a kirip keliwin ta`miyinlewdin` tiykarg`ı bag`darları**


Orinlag`an: 3 fermer xojalig`in basqariw qa`nigeligi studenti Abdijamilova A.

Qabillag`an: Turebekov A.


**No`kis 2016-j.**

**Sırt el investitsiyalardı O`zbekstang`a kirip keliwin ta`miyinlewdin` tiykarg`ı bag`darları**

**Mazmuni:**

**1. Kirisiw______________________________________________3**

**2. Tiykarg'ı bo'lim**

**2.1. O`zbekstan Respublikası ekonomikasında sırt el investitsiyalarının` a`meliy a`hmiyeti ______________________________________________5**

**2.2. Sırt el investitsiyalardı O`zbekstang`a kirip keliwinin` huqıqıy tiykarları ha`m sırt el investorlarg`a berilgen kepillikler ______________________________9**

**2.3 Finans bazarın rawajlandırıw arqalı O`zbekstang`a sırt el investitsiyalardın` kirip keliw imkaniyatları______________________________________13**

**3. Juwmaqlaw ____________________________________________19**

**4. Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi___________________________21**

## Kirisiw

Ma`mleket g`a`rezsizligi O`zbekstannın` bir jaqlama rawajlanıwına juwmaq jasap ha`r ta`repleme rawajlanıw ushın imkaniyat jaratıp berdi. Eger g`a`rezsizliktin` da`slepki jıllarında ekonomikalıq rawajlanıwg`a sheklengen shiyki-zat bazasına tiykarlanıp erisilgen bolsa, 90shı jıllardın` ekinshi yarımında investitsion is ha`rekettin` keskin o`siwi baqlandı. Janılg`ı ha`m energetika, mashina islep shıg`arıw, metallurgiya, ximiya, jen`il sanaat, azıq-awqat ha`m qayta islep shıg`arıw sanaatları komplekslerine alıp kelingen investitsiyalar nu`a`tiyjesinde import ornın basa alatug`ın islep shıg`arıw jolg`a qoyıldı. Son`g`ı jıllarda tu`rli dereklerden kelgen investitsiyalar transport, kommunikatsiya ha`m sotsiallıq tarawlardın` rawajlanıwında za`ru`r rol` oynamaqta.

Ekonomikanın` texnikalıq modernizatsiyası bunnan keyingi bolatug`ın ekonomikalıq o`siwdin` tiykarı bolıp qalıwı kerek. Usı jaqtan o`zi menen zamanago`y texnologiyalardı O`zbekstang`a alıp keletug`ın sırt investitsiyalar ma`mlekettin` ku`tilip atırg`an rawajlanıwında en` za`ru`r a`hmiyetli faktor boladı. Sırt el investitsiyalar ishki ha`i xalıq ara bazarlarda ba`sekilese alatug`ın o`nimlerdi islep shıg`arıwdı ta`miyinleydi. Bul degeni islep shıg`arılatug`ın o`nimler bazardag`ı o`nimlerden sapa jag`ınan u`stemirek bolıwı kerek yaki sapası bir tu`r bolıp bahası arzanıraq bolıwı kerek. O`zbekstannın` ekonomikasına sırt el investitsiyalar kirip keliwinin` prioritet a`hmiyeti tuwrısında O`zbekstan Respublikası Prezidenti I. Karimov to`mendegi pikirlerdi bildirgen: «Sırt el investitsiyalardı alıp kelmesten ja`ne de sırt el kapitaldın` qatnasıwın ken`eyttirmesten turıp, a`sirese tiykarg`ı tarawlarda, ekonomikada quramlıq o`zgerislerdi, ekonomikamızdı zamanago`ylestiriwdi, ekonomikamızdı zamanago`y texnika menen qurallandırıwdı ja`ne de ba`sekige shıdamlı o`nimlerdi islep shıg`arıwdı jolg`a qoya almaymız».

Investitsiya qılıw tuwrısında qararlardı qabıl qılıw ha`m investitsiyalardın` na`tiyjeliligin bahalaw protsessinde qatnasıp atırg`an shiyki zattın` bahası ha`m qunı ka`bi faktorlardı esap-kitap za`ru`rligi tuwıladı. A`sirese, sırtqı dereklerden finanslastırıw halatlarında bul ju`da` za`ru`r bolıp tabıladı.

Xalıq ara finans ma`kemelerinin` is ha`reketin respublikada valyuta-kredit liniyaların ashıw, lizing ha`m faktoring operatsiyalardı ken`eyttiriw arqalı rawajlandırıw ja`ne bul ma`seleni sheshiwdin` tikkeley jolı bolıp tabıladı. Bunı a`melge asırıw ushın rawajlang`an ma`mleketler talaplarına juwap bere alatug`ın finans bazarı, bank sisteması, huqıqıy baza ha`m da`ramatlar repatriatsiyasın ta`miyinlew lazım. Bul ma`selege prezidentimiz I. A. Karimov ta o`z is ha`reketinde ko`p a`hmiyet berip kelmekte.

## 2.1 O`zbekstan Respublikası ekonomikasında sırt el investitsiyalarının` a`meliy a`hmiyeti

O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligin qolg`a kiritiwi menen ekonomikamızda bir qansha o`zgerisler bolıwına alıp keldi. Respublikada basqıshpa-basqısh bazar ekonomikasına o`tiw tiykarg`ı printsiplerden biri sıpatında alındı. Bazar ekonomikasına o`tiw bazar sha`rayatlarına sa`ykes halda siyasat alıp barıwdı talap qıladı. Ma`mleket ekonomikasın salamatlastırıw ushın xalıq xojalıg`ı resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw ha`m investitsiya siyasatın tuwrı alıp barıw ju`da` za`ru`r bolıp, ha`zirde hu`kimetimiz finans-kredit siyasatı menen birgelikte investitsiya siyasatın da jedel ra`wishte alıp barmaqta.

O`zbekstan Respublikası bazar ekonomikasın tiklew jolınan barıp, qa`dem qoyıp ja`ha`n xojalıg`ı baylanıslarına qosılmaqta. Bul halat ulıwma ja`ha`n protsessleri ha`m printsipleri, sonnan bizin` investitsiya siyasatımız tikleniwine ta`sir ko`rsetiwin bir jaqlama esapqa alınıwın talap qıladı.

Bul sha`rayatta ha`r bir ma`mlekette ju`zege keltirilgen investitsiya ortalıg`ı usı ma`mleket investitsiyanın` en` za`ru`r faktorı bolıp esaplanadı, sebei ha`zirgi waqıtta usı ortalıq investorlar jol qoyatug`ın ta`wekel qanshalıq u`lken degen sawalg`a juwap beredi.

Ol yaki bul ma`mleket ushın investitsiya qa`terlerin bahalaw ja`ne de olardı salıstırıw menen ko`plep belgili xalıq ara finans ma`kemeleri (Standart end Purz, Mudiz, YUropien Intellidjens YUnit, ETTB) shug`ıllanadı. Biraq, analiz quralları qanshalıq rawajlang`an bolmasın, bunday aktiv baha beriliwine kepillik joq. Ga`p sonda, ko`p jag`daylarda rawajlanıp kelip atırg`an ma`mleketler ja`ne de o`tiw ekonomikasın bastan keshirip atırg`an O`zbekstan ka`bi ma`mleketlerde standartlı metodlardı qollaw imkanın bermeytug`ın bir qansha o`zine ta`n qa`siyetler bar. Bunnan tısqarı, ekonomikalıq statistikalar salıstırılıwı mu`mkin yaki mu`mkin emesligi ha`m ha`tte ayırım mag`lıwmatlar joqlıg`ı mashqalaları o`z ta`sirin ko`rsetpekte. Ol yaki bul ma`mlekette tikkeley kirip kelip atırg`an sırt el investitsilar ko`lemi bul ma`mlekettegi investitsiya ortalıg`ının` en` ob`ektiv ko`rsetkishi dewge mu`mkin bolıp tabıladı.

O`zbekstanda ekonomikalıq siyasat o`zindegi anıq ko`zge taslanıwshı industrial prioritetlikler menen ajıralıp turadı. Bunda sırt el investitsiyalar ha`m kreditlerge u`lken orın

ajıratılg`an investitsiyalardı sho`lkemlestiriw ha`m finanslastırıw ha`zirgi bazar sha`rayatında za`ru`r orın tutadı. Investitsiyalar qarjı sarplamaq, yag`nıy latınsha investor degen so`zden alıng`an bolıp, kapital qa`rejetlerinin` ko`lemi, quramı ha`m onın` tiykarg`ı bag`darların an`latadı. Investitsiyalar islep shıg`arıwdı rawajlandırıw maqsetinde ma`mlekette yaki shet ellerde ekonomikanın` tu`rli tarmaqlarına uzaq mu`ddetli kapital kiritiw degen ma`nisti bildiredi.

Investorlardın` mu`lk tu`rlerine ko`re investitsiyalar to`mendegishe bo`linedi:

- jeke investitsiyalar (shaxslar, puqıralar, ma`mleketlik emes ka`rxanaları ta`repinen qoyıladı);
- ma`mleket investitsiyaları (oraylıq ha`m jergilikli hu`kimet basqarıw organları ta`repinen qoyılatug`ın investitsiyalar);
- sırt el investitsiları (shet el puqaraları, yuridikalıq shaxslar ha`m ma`mleketler ta`repinen qoyılg`an investitsiyalar);
- birgelesip islewdegi investitsiyalar (usı ma`mleket ha`m sırt ma`mleketleri birgelikte qoyatug`ın investitsiyalar).

Territoriyalıq belgileri boyınsha investitsiyalar to`mendegilerge bo`linedi:

- ma`mleket ishkerisinde yaki aymaqlarda qoyılatug`ın investitsiyalar;
- sırt el ma`mleketleri islep shıg`arıwına investitsiyalar qoyıw (sırt el investitsiyaları pul qarjıları yaki aktsiya tu`rinde de bolıwı mu`mkin).

Investitsiyalardın` bag`darlanıwı ko`p jaqtan investitsiya bazarın ha`r ta`repleme u`yreniw, onın` pronozı (aldınnan shamalaw) menen u`zliksiz baylanıslı bolıp tabıladı. Investitsiya bazarı investitsiyalardı sho`lkemlestiriw ha`m finanslastırıw ushın jag`day jaratıp beredi. Investitsiya bazarı – investitsiya tovarları, qurılıs materiallarının` ba`rshe tu`rleri, islep shıg`arıw fondlarının` aktiv bo`legi, investitsiya xızmetlerinen ibarat. Tiykarg`ı elementlerine talap, usınıs, ba`seki ha`m baha kiredi. Bul elementler ba`rqulla o`zgerip turadı, bul o`zgeris ekonomikadag`ı ha`m bazar ishindegi faktorlar ta`sirinde ju`z beredi. Ha`r bir investor ushın investitsiyag`a bolg`an talaptı u`yreniw, investitsiya bazarın analizlew, bunın` ornında o`zinin` investitsiya da`stu`rin islep shıg`arıw za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Investitsiya bazarı du`ziliwine ko`re 2 bo`lekke bo`linedi:

1. Real ob`ektlerdi investitsiyalaw bazarı. Bul bazar quramına:

- tuwrıdan-tuwrı kapital qarjılardı bag`darlaw bazarı;
- menshiklestirilip atırg`an ob`ektler bazarı;
- ko`shpes mu`lk bazarı;
- basqa ob`ektlerdi real investiyalaw.

2. Finanslıq investitsiyalaw instrumentleri bazarı fond bazarı ha`m pul bazarına bo`linedi.

Bu`gin O`zbekstandag`ı sotsiallıq turmıstın` ba`rshe shaqapshalarında o`tkizilip atırg`an tu`p o`zgerisler o`z rawajlanıwının` jan`a basqıshına ko`terildi. A`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalardın` na`wbettegi basqıshı erisilgen na`ti yjelerdi bekkemlew ha`m olardı ja`ne de rawajlandırıwg`a qaratılg`an.

O`zbekstan ekonomikasının` jetekshi tarmaqlarındag`ı qayta qurıwlar mu`na`sibeti menen finanslıq strukturalar ha`m en` aldın-ala, ma`mleketimizdin` mashina ha`m u`skeneler milliy parkleri ja`ha`n standartları da`rejesindegi jan`a texnika menen ta`miyinlew ushın investitsiya qarjıları ajıratıp atırg`an finans institutları aldına u`lken wazıypalar qoyılmaqta. Bul wazıypanı finanslastırıwdın` tek g`ana da`stu`riy usılı – bank krediti ha`m basqa kreditlerge tayang`an halda jetiskenlikli ha`m jedel su`wretlerde sheship bolmaydı.

Lizing bir waqıttın` o`zinde finanslastırıw ha`m jan`a texnologiyalardı satıp alıw ma`selelerin sheshiw aylanba qarjıların toltırıw ja`ne de basqa mu`ta`jler ushın qarjılardı azat qılıw imkanın beriwshi da`stu`riy emes finanslıq qurallardan biri bolıp tabıladı.

Lizing atması anglichansha «For lease» so`zinen alıng`an bolıp mu`lkti waqtınshalıq «ijarag`a alıw ha`m beriw» ma`nisin an`latadı.

Lizing mashqalası o`z qa`siyetine ko`re mu`lkti tu`pkilikli uzaq mu`ddetli ijarag`a beriw ja`ne de onnan waqtınshalıq paydalanıw ushın satıp alıw tiykarında basqa sub`ektke tapsırıw menen baylanıslı mu`lkiy mu`na`sibetler kompleksin sho`lkemlestiredi.

Lizing isbilermenlik is ha`reketindegi usınday minnetlemeler tu`ri, bunda ol artıqsha yaki kirip kelgen finans qarjıların mu`lkti investitsiyalawg`a, sha`rtnamag`a muwapıq huqıqıy ha`m fizikalıq shaxslarg`a mu`ddet dawamında paydalanıwg`a, sonday-aq, ma`lim mu`ddet ha`m to`lew tiykarında bag`darlanadı.

SHet el ma`mleketlerde lizingten tap usı ma`niste, yag`nıy mu`lkti satıp alıw ha`m onı keliside ijarag`a beriw tiykarında waqtınsha paydalanıwg`a tapsırıw sıpatında paydalanıladı.

Ta`jiriybe sonnı ko`rsetpekte, lizingten paydalanıw qısqa waqıt ishinde tiykarg`ı fondlardı jan`alaw ja`ne de tiklewge, sonday-aq, qosımsha administrativ organlar du`zbey turıp, tek ekonomikalıq metodlar quralında jeke, kishi ha`m orta isbilermenlikti rawajlandırıwdı xoshametlewshi investitsiya siyasatın a`melge asırıw imkaniyatın jaratadı.

Lizingtin` o`zine ta`n abzallıqları bar bolıp, ma`mleket ushın investitsiya qoyılmalardan maqsetli paydalanıwdı kepillew, investitsiya siyasatın aktiv o`tkiziw, da`stu`riy finanslastırıwg`a qosımsha ra`wishte qarjılardı tiykarg`ı fondlarg`a qoyıw, jeke ha`m kishi isbilermenlikte is ha`reket ju`rgizip atırg`an islep shıg`arıwshılardın` rawajlanıwın xoshametlew, qosımsha administrativ organlar du`zgen halda, tek ekonomikalıq metodlar quralında islep shıg`arıwdı rawajlandırıwdı investitsiyalaw imkaniyatların beredi. Tap usı waqıtta lizingtin` unamsız ta`replerin de baqlaw mu`mkin. Lizing alıwshı ushın u`ukeneni lizing sha`rtleri tiykarında satıp alıw, onı birden o`z qarjıları, yaki alıp kelingen jen`illikli kreditler esabına satıp alıwg`a qarag`anda bir qansha qımbatqa tu`sedi. A`dette, lizingtin` qunı ssudalar boyınsha alıng`an minnetlemelerge qarag`anda qımbatraq dep esaplanadı, biraq sonı umıtpaslıq kerek, eskirgen u`skeneler boyınsha qa`wip-qa`terler lizing beriwshi shaxs moynına tu`sip atırg`anlıg`ı sebepli, onın` ornın qaplawshı da`l-da`lshılıq haqının` u`lken bo`legin de ol aladı.

## 2.2 Sırt el investitsiyalardı O`zbekstang`a kirip keliwinin` huqıqıy tiykarları ha`m sırt el investorlarg`a berilgen kepillikler

O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisinin` 1998 jıl 30 aprel`degi on birinshi sessiyasında «SHet el investitsiyaları tuwrısında»g`ı ha`m «SHet ellik investorlar huqıqlarının` kepillikleri ha`m olardı qorg`aw sharaları tuwrısında»g`ı Nızamlar qabıl qılındı. Qabıl qılıng`an bul nızamlar bizin` bu`gingi turmısımız ushın g`ana emes, ba`lki aldın-ala erten`gi turmısımız, keleshekke mo`lsherlengen rejeler ushın u`lken a`hmiyetke iye bolıp tabıladı. Olar sırtqı ekonomikalıq is ha`reketti ku`sheyttiriw, shet ellik investorlar ushın qolay sha`rayatlar jaratıw ja`ne de sırt ma`mleketler isbilermenleri menen sawda-ekonomikalıq baylansılardı ken`eyttiriw imkanın berdi.

«SHet el investitsiyaları tuwrısında»g`ı nızam O`zbekstan Respublikası aymag`ında shet el investitsiyaları a`melge asırılıwının` huqıqıy tiykarları ha`m ta`rtibin belgilep beredi. Nızamnın` tiykarg`ı wazıypaları:

- shet el investitsiyaları kirip keliwdi xoshametlew jolı menen O`zbekstan Respublikası ekonomikasın rawajlandırıw ha`m onın` ja`ha`n ekonomikalıq sistemasına qosılıwına ko`meklesiwden;
- shet eldin` finanslıq, materiallıq, intellektual ha`m basqa resursların, zamanago`y sırt el texnologiyalardı ha`m basqarıw ta`jiriybesin engiziw ja`ne de olardan aqılg`a muwapıq paydalanıwdan ibarat.

Usı nızamda isbilermenlik is ha`reketi ha`m basqa tu`rdegi is ha`reket ob`ektlerine shet ellik investorlar ta`repinen reinvestitsiya tu`rinde qosılatug`ın da`ramat degende O`zbekstan Respublikasında investitsiyalawdan alıng`an ha`r qanday qarjı, sonın` ishinde payda, protsentler, dividendler, royalti, litsenziya ha`m komission premiyalar, texnikalıq ja`rdem, texnikalıq xızmet ko`rsetiw ushın to`lewler ha`m basqa tu`rdegi premiya pulları tu`siniledi.

O`zbekstan Respublikasında shet ellik investorlar to`mendegiler bolıwı mu`mkin:

- shet el ma`mleketleri, shet el ma`mleketlerinin` administrativ yaki aymaqlıq organları;
- ma`mleketler ara pitimler yaki basqa sha`rtnamalarg`a muwapıq du`zilgen xalıq ara massalıq huqıq sub`ektleri bolg`an xalıq ara sho`lkemler;

- shet el ma`mleketlerinin` nızam hu`jjetlerine muwapıq, quralg`an ha`m is ha`reket ko`rsetip kelip atırg`an yuridikalıq shaxslar, basqa ha`r qanday shirketler, sho`lkemler yaki birlespeler;
- shet el ma`mleketi puqaraları bolmıs fizikalıq shaxslar, puqaralıg`ı bolmag`an shaxslar ha`m shet ellerde ba`rqulla jasaytug`ın O`zbekstan Respublikası puqaraları.

SHet ellik investorlar O`zbekstan Resupblikası aymag`ında investitsiyalardı to`mendegi jollar menen a`melge asırıwları mu`mkin:

- O`zbekstan Respublikasının` yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxsları menen birgelikte du`zgen xojalıq ja`miyetleri ha`m shirketlerinin`, bankler, qamsızlandırıw sho`lkemleri ha`m basqa ka`rxanalardın` ustav fondlarında ha`m basqa mal-mu`lkinde u`les qosıp qatnasıw;
- shet ellik investorlarg`a tolıq qarawları bolg`an xojalıq ja`miyetleri ha`m shirketlerin, bankler, qamsızlandırıw sho`lkemleri ha`m basqa ka`rxanalardı du`ziw ha`m rawajlandırıw;
- mal-mu`lk, aktsiyalar ha`m basqa qımbat bahalı qag`azlardı, sonnan O`zbekstan Respublikası rezidentleri ta`repinen emissiya qılıng`an qarız minnetlemelerin satıp alıw;
- intellektual mu`lkke, sonnan avtorlıq huqıqları, patentler, tovar belgileri, paydalı modeller, sanaat u`lgileri, firma atları ha`m nou-xaug`a, sonday-aq, isshen`lik gudvillge huqıqlar kiritiw;
- kontsessiyalar, sonnan ta`biyiy resurslardı izlew, islep shıg`ıw, qazıp alıw yaki olardan paydalanıwg`a bolg`an kontsessiyalar alıw;
- sawda ha`m xızmet ko`rsetiw tarawları ob`ektlerine, turar jay imaratlarına olar jaylasqan jer uchastkaları menen birgelikte mu`lk huqıqın, sonday-aq, jerge iyelik qılıw ha`m onnan paydalanıw (sonnan, ijara tiykarında paydalanıw) ja`ne de ta`biyiy resurslarg`a iyelik, qılıw ha`m olardan paydalanıw huqıqların satıp alıw arqalı.

SHet ellik investorlar O`zbekstan Respublikası aymag`ında investitsiyalardı a`meldegi nızam hu`jjetlerine qarsı bolmag`an basqa tu`rlerde de a`melge asırıwları mu`mkin.

SHet el investitsiyaları birlemshi yaki qaytadan a`melge asırılıp atırg`an tu`rlerinin` o`zgerttiriliwi olardın` investitsiya sıpatındag`ı a`hmiyeti o`zgerisine alıp kelmeydi.

SHet ellik investorlar O`zbekstan Respublikası aymag`ında shet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxanalar du`ziwleri ja`ne de O`zbekstan Respublikası nızam hu`jjetleri

menen o`zlerine berilgen ba`rshe huqıqlar, kepillikler ha`m jen`illikliklerden paydalanıwları mu`mkin.

O`zbekstan Respublikası aymag`ındag`ı shet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxanalar degende aktsiyalardın` (u`lesleri, paylarının`) yaki ustav fondının` keminde otız protsentin shet el investitsiyaları du`zetug`ın ka`rxanalar tu`siniledi. Olar O`zbekstan Respublikası nızam hu`jjetlerine qarsı kelmeytug`ın ha`r qanday sho`lkemlestiriw-huqıqıy tu`rlerinde is ha`reket ko`rsetedi.

SHet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxana onı sho`lkemlestiriw jolı menen yaki ilgeri shet el investitsiyaları qatnasıwısız du`zilgen ka`rxanada qatnasıw u`lesin (payın, aktsiyaların) bunday ka`rxananı pu`tkilley, sonnan menshiklestiriw protsessinde shet ellik investor ta`repinen satıp alınıwı na`tiyjesinde du`ziliwi mu`mkin.

SHet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxana ma`mleket dizimine alıng`an payıttan baslap yuridikalıq shaxs huqıqına iye boladı. SHet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxanalar du`ziw ha`m olardı ma`mleket dizimine alıw ta`rtibi O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ta`repinen belgilenedi.

SHet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxana O`zbekstan Respublikası nızam hu`jjetlerinin` talaplarına a`mel etken halda O`zbekstan Respublikası aymag`ında yuridikalıq shaxs huqıqına iye bolg`an usıg`an uqsas ka`rxanalar, filiallar, sonday-aq, yuridikalıq shaxs bolmag`an wa`kalatxanalar ha`m basqa ayrıqsha bo`linbeler du`ziliwi mu`mkin.

O`zbekstan Respublikasınan tısqarıda shet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxanalardın` usıg`an uqsas ka`rxanaları, filialları, wa`kalatxanaları ha`m basqa ayrıqsha bo`linbeleri du`ziliwi mu`mkin.

SHet el investitsiyaları qatnasıwındag`ı ka`rxanalar ıqtıyarıy ra`wishte O`zbekstan Respublikasının` nızam hu`jjetlerine muwapıq O`zbekstan Respublikası aymag`ında birlespeler, kontsernler, korporatsiyalar, konsortsiumlar ha`m basqa xojalıq birlespeleri du`ziwi, a`mel qılıp turg`an birlespeler quramına tola huqıqlı ag`za sıpatında kiriwi mu`mkin. Ma`mleket O`zbekstan Respublikası aymag`ında shet ellik investorlar investitsiya is ha`reketin a`melge asırıwları shag`ında olardın` ba`rshe huqıqların kepilleydi ha`m qorg`aydı.

SHet ellik investorlar ha`m shet el investitsiyaları ushın: a`dalatlı ha`m ten` huqıqlı rejim, olardın` tolıq ha`m ba`rqulla qorg`awı ja`ne de qa`wipsizligi ta`miyinlenedi. Bunday rejim O`zbekstan Respublikasının` xalıq arar sha`rtnamalarında belgilep qoyılg`an rejimge qarag`anda qolaysızraq rejimi O`zbekstan Respublikası yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxsları ta`repinen a`melge asırılıp atırg`an investitsiyalardın` tiyisli rejimine qarag`anda qolaysızraq bolıwı mu`mkin. O`zbekstan Respublikasının` nızam hu`jjetlerinde xalıq ara huqıqtın` ulıwma atap o`tilgen normalarına muwapıq O`zbekstan Respublikasının` milliy qa`wipsizligi ma`plerin qorg`aw maqsetinde ekonomika ha`m is ha`rekettin` belgili tarawlarında shet el investitsiyaları ushın sheklewler na`zerde tutılg`an bolıwı mu`mkin.

SHet ellik investorlarının` O`zbekstan Respublikası nızamları menen kepillengen huqıqları ha`m ma`pleri buzılg`anda olardı tiklew O`zbekstan Respublikasının` nızam hu`jjetleri, sonnan xalıq ara sha`rtnamaları menen ta`rtipke salınadı.

## 2.3 Finans bazarın rawajlandırıw arqalı O`zbekstang`a sırt el investitsiyalardın` kirip keliw imkaniyatları

Sırt el investitsiyaları ha`r bir ma`mlekettin` ekonomikalıq o`siwi ushın u`lken a`hmiyetke iye bolsa da usı menen birge olardın` na`tiyjeliligi qatan` mashqalalar menen baylanıslı.

Ba`lent inflyatsiya sha`rayatında ha`mmege ma`lim bolg`anınday, sawda keskin rawajlanadı ha`m islep shıg`arıw ushın awır demler ju`zege keledi. Sebebi bunday sha`rayatta sawda tarawındag`ı da`ramat alıw da`rejesi u`lken bolg`anı ushın ko`pshilik kapitallar sawdag`a bag`darlanadı. Usınday sawdag`a bag`darlang`an sırt el investitsiyaları ku`tilgen na`tiyjelerdi bermeydi. Bunday halatta islep shıg`arıwdın` rawajlanıwı, jan`a jumısshı orınlarının` ashılıw ju`da` kem boladı. O`zbekstan g`a`rezsizliginin` da`slepki jıllarında inflyatsiya da`rejesinin` u`lken bolıwı da usınday aqıbetlerge alıp keldi.

Ha`zirde O`zbekstanda sırt el investitsiyaları kirip keliwin rawajlandırıwg`a unamsız ta`sir ko`rsetiwshi bir qatar faktorlar bar.

O`zbekstan Respublikası monopoliyag`a qarsı nızamshılıg`ı, sonın` ishinde Ministrler Kabinetinin` 165-sanlı qararı menen tastıyıqlang`an «Bahalar (tarifler)di tiklew ha`m olardın` jollanıwın qadag`alaw ta`rtibi»ne tiykarlanıp, tovar bazarlarında u`stin statusqa iye bolg`an ka`rxanalarma`mleket reestrinde dizimge alınıp, ka`rxanalar ta`repinen islep shıg`arılatug`ın tovarlar bahaları basqarılıp barıladı. Bul usınday ju`z beredi:

Egerde ka`rxana ma`lim tovar bazarında u`stin statusqa iye bolsa, yag`nıy usı bazardag`ı ulıwma satılatug`ın tovardan 65 protsenti usı ka`rxana ta`repinen a`melge asırılsa, ol u`stin statusqa iye dep esaplanıp, baha tarawında qadag`alawg`a duwshar boladı. U`stin status halatları ulıwma bazar u`lesinen 35 protsent bolg`an ta`g`dirde de bar bolıwı mu`mkin. Bul ka`rxanalar o`z bahaların yaki rentabellik da`rejesin finans organlarında deklaratsiya qılıwları lazım. Ha`zirde usı reestrde shet ellik investorları qatnasıwında du`zilgen qospa ka`rxanalar bar ha`m olardın` payda alıw imkaniyatı shegaralang`an. Usı halat da investorlardın` O`zbekstang`a kirip keliwine qosımsha tosıq bolıp xızmet qılıwı mu`mkin.

Jaqıng`a shekem Afganistan Respublikasının` O`zbekstan menen shegaralaslıg`ı ha`m ol jerde bar bolg`an mashqalalar bizin` aymag`ımızg`a kapitallardın` kirip keliwine tosıq bolg`an bolsa, ha`zirgi ku`nge kelip terrorizm degen ba`lenin` jurtımız aymag`ında boy ko`rsetiwi de investitsiyalardı respublikamız ekonomikasına na`tiyjeli alıp keliwine qatan` tosıq bolıp xızmet qılıwı mu`mkin. Biraq sonı da aytıp o`tiw lazım, bul ka`bi kewilsizliklerdin` aldın alıw barısında Respublikamız hu`kimeti ta`repinen ha`r tu`rli shara ha`m ilajlar a`melge asırılmaqta.

Keyingi jıllarda O`zbekstan ushın jan`a tarmaqlardı qarar taptırg`an bir qansha iri proektler a`melge asırıldı. Biraq, uzaq mu`ddetli perspektivalar imkaniyatları ele tamamlang`anınsha joq. Ekonomikanı kompleks ta`rizde quramı jaqtan qayta qurıwg`a qaratılg`an za`ru`r investitsiya da`stu`rlerin a`melge asırıw dawam etpekte.

Bunday proektlerdin` O`zbekstan ushın a`hmiyeti u`lken, olardın` bas na`tiyjesi – import ornın basatug`ın ha`m ja`ha`n bazarında ba`sekilese alatug`ın, joqarı da`rejede qayta islenetug`ın ha`m tu`pkilikli tutınıwshıg`a tayar halatqa jetkizip beriletug`ın o`nim islep shıg`arıwdın` tiykarg`ı bo`legin lokallastırıwg`a qa`dir bolg`an a`melde tayar texnologiyalıq shınjırlardı salıstırmalı qısqa waqıt ishinde du`ziw kerek bolıp tabıladı. Bug`an bolsa bazar stixiyalı rawajlanatug`ın sha`rayatta onlap jıllar kerek boladı.

SHet ellik investitsiyalar qatnasıwındag`ı ka`rxanalardı du`ziw ha`m olar is ha`reketin xoshametlew, investorlardı mag`lıwmat penen ta`miyinlewshi jalg`ız sistema du`ziw menen baylanıslı, jumıslardı ta`rtipke salıwshı nızam hu`jjetlerdi a`melge asırıw mexanizmleri ja`ne de jetilistiriliwi biraz u`lken a`hmiyetke iye.

Sırt el investorları O`zbestandag`ı ekonomikalıq reformalar qanday barıp atırg`anı ha`m onın` bag`darları, ja`miyetmiz rawajlanıwının` makroekonomikalıq ko`rsetkishleri, nızam ha`m normativ hu`jjetler, sonday-aq, ko`rsetpe ja`ne de mag`lıwmat-bildiriw tu`rindegi materiallar tuwrısında tolıq ha`m operativlirek mag`lıwmatlarg`a mu`ta`j bolıp turıptı.

Usı mu`na`sibet penen respublikada esap ju`rgiziw ha`m esabat siteması na`tiyjeliligi arttırılıwı za`ru`rligine itibardı qaratıw za`ru`r dep esaplayman. Statistika esabatları keshigiwi, ko`p hallarda bolsa ulıwma alg`anda dag`aza qılınbaslıg`ı na`tiyjesinde mag`lıwmatlardı

salıstırıwdın` ilajı joq. bul bolsa sırt ellik investorlardın` ma`lim bir qararg`a keliwlerinde qatan` tosıq bolmaqta.

Inflyatsiya, kredit jog`altıw ha`m basqa ta`wekelshiliklerden tısqarı xalıq ara kredit mu`na`sibetlerinin` ken`eyiwi valyuta ta`wekelshiligin payda qıladı. Valyuta ta`wekelshiliginde qag`ıydadag`ıday kapital aylanbası birge islewshi ma`mleketlerden birine tu`sedi, bunnan tısqarı xalıq arar kredit mu`na`sibetleri tiykarında ekonomikalıq ha`m huqıqıy sha`rtlerdegi parqlar qarızdar ma`mleketke qarag`anda kredit boyınsha qarsılıqlardı a`melge asırıwda qıyınshılıqlardı ju`zege keltiredi.

Kapital import qılıwshı ma`mleketlerde bolsa nızamshılıqtın` a`mel qılıwı ha`m onın` ma`mleket ta`wekelshiligin esapqa alıw za`ru`rligin talap etedi xalıq arar kapital aylanbasına muwapıq ma`mleket ta`wekelshiligi sonnı esapqa aladı:

- siyasiy jag`day;
- ekoonmikalıq rawajlanıw tendentsiyası;
- ma`mlekettin` byudjet siyasatı ha`m onı kapital ha`m fondlarg`a ta`siri;
- kredit pul siyasatı;
- kapitallardan da`ramat alıw imkaniyatı.

Importer ma`mlekettin` xalıq ara kapital mu`na`sibetlerinin` ken`eyiwi tutınıwdı ku`sheytiriwge emes, ba`lki investitsiyalawdın` o`siwine maqset qılıng`an.

Kapitaldı jaylastırıwdı ken`eyttiriwdi tiykarg`ı ha`reket qılıwshı motivi bolıp, qarızdar ma`mleket da`ramat da`rejesi esaplanadı bul tiykarında kapital eksporter ma`mleket satıw ha`m satıp alıw shet el bazarın jen`ip alıwg`a u`mitin jog`altpaydı.

Ishki kapitallardan parqlıraq shet ellik investitsiyalar sırtqı finanslastırıw deregi esaplanadı. Olar ag`ımı stimulyatsiya qılıwı jolı menen milliy ekonomikag`a sırttan alıp kelinedi, lekin shet ellik kapitaldı alıp keliwdin` ha`mme tu`ri finanslastırıwdın` sırtqı deregi bolıwı mu`mkin. Aldın-ala, bul protsentler to`lewi qaytımın talap qılıwshı kredit ha`m zaymlarg`a tiyisli.

SHet ellik kapital bul eksporter ma`mlekettin` usınday quralı bunda qospa ka`rxana ha`m eksporter kapitaldı ekonomika sub`ektlerinin` real ha`m finanslıq aktivlerine qoyadı.

SHet ellik investitsiyalaw kapital ag`ımın bir ekonomikadan ekinshisine shıg`ıp ketiwin ko`re aladı. Huqıqıy ko`z-qarastan olar o`z milliy huqıqıy sha`rtlerin qabıl qılıp atırg`an ma`mleketke almasadı. A`hmiyeti jag`ınan shet ellik kapitallar shaxsiy milliy investitsion ortalıg`ın basqasına almastıradı. Qa`wipsizlik, da`ramatlılıq, likvidlilik ha`m kapitalizatsiya menen birge shet ellik kapitallardın` ajıralıp turıwshı ta`repi sırt el investorları ta`repinen anıq maqsetlerdi ko`zlew esaplanadı. Olardın` alıp keliwshi ekonomikalar o`z maqsetlerine erisiwge ha`reket qılınadı. Bul maqsetler – na`tiyjelilik, islep shıg`arıwdın` o`siwi, bazarg`a kiriw yaki ekonomikalıq xarakterde bolmag`an wazıypalar bolıp tabıladı.

Sonın` ushın o`z-ara ma`plerinin` sa`ykes tu`siwi, isenimli mu`na`sibetler a`melge asırıw sha`rtlerin esapqa alıw ba`rshesi kapitallardı ma`mleket ishinde jaylastırıwdın` tiykarg`ı ko`rsetkishleri esaplanadı. Ishki kapitallardan parqlıraq, shet ellik kapitallar qosımsha ta`wekelshilikler, yag`nıy ma`mleket ishindegi qa`wip-qa`ter, valyuta ta`wekelshiligi, milliylestiriw, rekvizitsiya ka`biler menen toqnasıw itimalına iye.

Sonnan kelip shıg`ıp, shet ellik kapital ta`wekelshiligi diapozonı a`hmiyetli ken`eyiekte. Bul menen baylanıslı ra`wishte shet ellik kapitallardın` spetsifikalıq qa`siyetleri bizin`she olardı anıqlawda sa`wleleniwi lazım. Bunnan sheshim shet ellik kapitallar bir ekonomika subeektinin` basqası menen kapital baylanısı, investitsion melizm huqıqıy sha`rtler almastırılıwı menen usınıs qılınadı. Bular ba`rshesi kapital eksporter ma`mlekettin` investitsion ıqlımı menen salıstırg`anda ja`ne de jaqsıraq ıqlım jaratıwdın` ob`ektiv za`ru`rligine sha`rt-sha`rayat jaratıp beredi. SHet ellik kapitallar ag`ımının` kirip keliwi ko`p g`ana aktivlerdin` kirip keliwi menen bir qatarda importer ma`mlekette salıq ijara ha`m basqalardın` asıwına alıp keledi.

Globallasıwdın` ku`sheyiwi menen mag`lıwmatlar, miynet resursları, intellektual potentsial, tovar islep shıg`arıw kapitaldı pu`tkil du`n`yada qısqa mu`ddetli jaylastırıw protsessi tezlesti. Globallasıw islep shıg`arıwdı jaylastırıw quramalı ekonomikalıq halatlar (jumıssızlıq, salıq kirimlerinin` qısqarıwı) ju`zege keliwi aqıbeti ko`riletug`ınlıg`ı anıq.

Tu`pkilikli jag`dayda, globallasıw finanslıq operatsiyalardı erkinlestiriw, xalıq arar miynet bo`listiriw, milletler ara korporatsiyalarda bilim alıw, xalıq ara ba`sekini

ku`sheyttiriwge alıp keledi. Globallasıw ha`m ja`ha`n kapitalları o`siwi tendentsiyası sha`rayatında ba`seki ortalıg`ındag`ı siyasat milliy ekonomika ko`leminde belgili bolg`an halda na`tiyjesiz o`tkiziliwi mu`mkin bolıp tabıladı. Investordın` qospa ka`rxanalar is ha`reketine qadag`alaw ornatıw huqıqına baylanıslı halda shet ellik kapitallar tuwrı ha`m portfel` kapitallarg`a bo`linedi.

SHet ellik apitallardı islep shıg`arıwg`a kritiw bir ta`repten islep shıg`arıw intensifikatsiyasına tu`rtki boladı, ayrıqsha tarmaqlar rawajlanıwın xoshametleydi.

SHet ellik investitsiyalar alıp keliniwi na`tiyjeliligine ta`sir ko`rsetiwshi joqarıda aytılg`an ha`m basqa mashqalalar sheshilse, milliy ekonomika o`siwi ja`ne de ol ja`xa`n xojalıg`ına kirip barıwı ushın qosımsha xoshametlewshi faktorlardı ju`zege keltiriw imkaniyatı jaratıladı.

O`zbekstan ekonomikasında investitsiyalar ayrıqsha za`ru`r rol` oynaydı, onnan tısqarı Respublika ekonomikası islep shıg`arıwda jan`a texnika texnologiyalarg`a iye bolıwg`a, modernizatsiya qılınıwı ushın iri kapital qoyılmalarg`a mu`ta`j, ishki investitsiyalaw bolsa jetpeydi. Sonın` ushın ken` ko`lemde kapitallardı alıp keliw maqsetinde strategiyalıq a`hmiyetke iye wazıypalardan biri ma`mleket siyasatın islep shıg`ıw bolıp tabıladı.

Investitsiyalaw protsessine jalg`ız sistema sıpatında tiykarg`ı fondlardı ken`eyttiriw ha`m mug`darı jag`ınan ko`beyttiriwde materiallıq-texnikalıq bazasın jan`alaw ja`ne de islep shıg`arıwdı jan`alawshı ku`sh sıpatında ekonomikanı na`tiyjeli rawajlandırıwda ma`mleketler ushın za`ru`r faktor ekenligin ta`n alıw kerek.

2004 jılda bolsa ulıwma summası 423,7 mlrd. bolg`an kapitallar qurılıs montaj islerine ketken, egerde kerisinshe jan`a texnika texnologiya, nou-xau ha`m ja`ne de buyımlardı alıp keliwge sarp qılıng`anda edi, kapitallar joqarı da`rejede na`tiyje beriwi mu`mkin bolar edi. Investitsion protsesslerde o`z-ara birge islewde qoyılg`an qa`demler tu`rlishe sho`lkemlestirlse investitsiya is ha`reketinde rawajlanıwg`a ta`sir etiwi mu`mkin.

Birinshiden, 10-15 jılg`a mo`lsherlengen respublika sotsiallıq ekonomikalıq printsiplerin islep shıg`ıw, keyin bolsa anıq a`melge asırıwdı engiziwimiz za`ru`r.

Ekinshiden, proektlewdin` ba`rshe basqıshları rejesinin` islep shıg`ılıwı ha`m olar bir-biri menen o`z-ara birge islewde a`melge asırılmag`ı lazım.

U`shinshiden, tiykarg`ı fondlardı jan`alaw, O`zbekstan islep shıg`arıw potentsialın arttırıw maqsetinde qollap quwatlaw za`ru`r, ekonomikanın` ba`rshe tarmaqlarında jan`a texnika ha`m texnologiya, buyımlardı engiziw de o`te za`ru`r a`hmiyetke iye.

To`rtinshiden, investitsion quramın uzaq mu`ddetke jan`alaw, tarmaqlar ara, aymaqlar ara texnologiyalıq jetilisiwlerdi a`melge asırıw za`ru`r.

Besinshiden, investitsion siyasat qol miynetinin` qısqarttırılıwına qaratılg`an bolıwı kerek ha`m tiykarınan toqımashılıq, metallurgiya sanaatı ha`m awıl xojalıg`ına itibardı qaratıw a`hmiyetke iye. Bu`gingi ku`nde kapital qurılısta qol miyneti 80 % ti quraydı.

Altınshıdan, investitsion siyasat ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwge de qaratılg`an bolıwı kerek. Bir g`ana kapitallardı alıp keliwdin` xoshametleniwi pul kredit, to`lew finans sistemasında da na`tiyjelilikti asırıwı turaqlılıqtı keltirip shıg`arıwı mu`mkin.

Usı maqsette to`mendegiler a`melge asırıladı:

- islep shıg`arıw quwatın maksimal da`rejede ku`sheyttiriw;
- ekonomikanın` real sektorına kapitallar alıp keliwdi xoshametlewde ma`mleket ta`repinen paydalanıw salıq jen`illikleri beriw, kepillikli girew fondları jaratıwda finanslıq qurallardı birlestiriwdi ma`mleket ka`rxanaları ha`m jeke sektorda jaratıw;
- innovatsion is ha`reketke tiykarg`ı itibardı qaratıw;
- tiykarg`ı rawajlandırıw mu`mkin bolg`an tarmaqlarg`a tiykarg`ı itibardı qaratıw ha`m jaqın jıllarda rawajlanıwın ta`miyinlew.

Ekonomika normal rawajlanıp atırg`an sha`rayatta ta`biyiy sawal tuwıladı: qanday qılıp ekonomikag`a qosımsha kapitaldı alıp keliw mu`mkin? Ba`rqulla payda bolatug`ın fondlardan qanday qılıp na`tiyjelirek paydalanıw mu`mkin? Bul ma`seleni sheshiwde finanslıq bazar u`lken rol` oynaydı. Finans bazarları pul qarjıları fodlarının` iyelerinen qarız alıwshılarg`a ko`plep tu`rli-tu`rli jollar menen ta`miyinlep turadı. Ekonomikalıq a`debiyatlar olar eki tiykarg`ı toparg`a ajıratıladı:

## Juwmaqlaw

O`zbekstan g`a`rezsizlikke eriskennen son`, onın` ja`ha`nde birge islesiwindegi status ha`m ekonomikalıq reformalar baslap jiberildi. Ekonomikalıq reformalar protsessinde aldın-ala sonnı itibarg`a alıw kerek, ekonomikalıq ma`plerinin` tu`pkilikli na`tiyjesinde bir ta`repten o`z qa`bileti sebepli turmıs sha`rayatların barg`an sayın qolaylastırıwg`a umtılıwshı insan, ekinshi ta`repten o`z aldılarına qoyılg`an ulıwma maqsetke erisiw, sotsiallıq arzıw-u`mitlerin ju`zege shıg`arıw niyetinde birlesken adamlardan quralg`an ja`miyet turadı. Biz ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıw protsessinde bazar mu`na`sibetlerine sa`ykes bolg`an ba`rshe qurallardan, en` jan`a ta`jiriybelerden na`tiyjeli paydalanıwlarımız kerek.

SHet el investitsiyaları ekonomikanı rawajlandırıwdın` za`ru`r faktorlarınan biri bolıp tabıladı. Olar is ha`reketi anıq nelerden ibaratlıg`ın, olar isinin` nızamlıqların tu`siniw kerek. Sonı atap o`tiw kerek, O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren`lesken sayın investitsiyalar, sonın` ishinde shet elli investitsiyalar tuwrısındag`ı bilimlerge iye bolıwdın` turmıslıq za`ru`rligi artıp barmaqta.

SHet el investitsiyaları ha`r bir ma`mlekettin` ekonomikalıq o`siwi ushın u`lken a`hmiyetke iye bolsa da usı menen birge olardın` na`tiyjeliligi qatan` mashqalalar menen baylanıslı, O`zbekstan g`a`rezsizliginin` da`slepki jıllarında inflyatsiya da`rejesinin` u`lken bolıwı sebepli kapital tiykarınan sawda tarawında qatnastı. Bul halat islep shıg`arıw tarawına shet ellik investitsiyalardı alıp keliw ushın ha`kimiyat ta`repinen keskin sharalar ko`riwdi talap etti.

O`zbekstanda ha`zirgi ku`nde de shet el investitsiyaları kirip keliwin rawajlandırıwg`a unamsız ta`sir ko`rsetiwshi bir qatar faktorlar bar.

Jaqıng`a shekem Afganistan Respublikasının` O`zbekstan menen shegaralaslıg`ı ha`m ol jerde bar bolg`an mashqalalar bizin` aymag`ımızg`a kapitallardın` kirip keliwine tosıq bolg`an bolsa, ha`zirgi ku`nge kelip terrorizm degen ba`lenin` jurtımız aymag`ında boy ko`rsetiwi de investitsiyalardı respublikamız ekonomikasına na`tiyjeli alıp keliwine qatan` tosıq bolıp xızmet qılıwı mu`mkin. Biraq sonı da aytıp o`tiw lazım, bul ka`bi

kewilsizliklerdin` aldın alıw barısında Respublikamız hu`kimeti ta`repinen ha`r tu`rli shara ha`m ilajlar a`melge asırılmaqta.

Keyingi jıllarda O`zbekstan ushın jan`a tarmaqlardı qarar taptırg`an bir qansha iri proektler a`melge asırıldı. Biraq, uzaq mu`ddetli perspektivalar imkaniyatları ele tamamlang`anınsha joq. ekonomikanı kompleks ta`rizde quramı jag`ınan qayta qurıwg`a qaratılg`an za`ru`r investitsiya da`stu`rlerin a`melge asırıw dawam etpekte.

Bunday proektlerdin` O`zbekstan ushın a`hmiyeti – import ornın basatug`ın ha`m ja`ha`n bazarında ba`sekilese alatug`ın, joqarı da`rejede qayta islenetug`ın ha`m tu`pkiloikli tutınıwshıg`a tayar halatqa jetkizip beriletug`ın o`nim islep shıg`arıwdın` tiykarg`ı bo`legin lokallastırıwg`a qa`dir bolg`an a`melde tayar texnologiyalıq shınjırlardı salıtırmalı qısqa waqıt ishinde du`ziw bolıp tabıladı.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi

1. Jo'rayev A.S. va boshqalar Investitsiya loyihalari tahlili. O'quv qo'llanma. –T.: Sharq. 2003.

2. Ishmuxammedov A.E., Qosimov. M.S., Jumayev. Z.A., Jumayev Q.X. Loyiha tahlili. O"zbekiston yozuvchilar uyushmasi. Adabiyot jamg`armasi nashriyoti.-T.: TDIU. 2004. -159 s.

3. «Investitsiyaviy loyihalarni amalga oshirishni rag`batlantirishning qo'shimcha chora-tadbirlari to'g`risida»gi 19.01.1998 y. № UP-1919. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni

4. Aleksanov D.S., Koshelev V.M. Ekonomicheskaya otsenka investitsiy.-M.: Kolos-Press, 2002.-382s.

5. Vilenskiy P.L. V.N.Livshits., ye.R.Orlova, S.A.Smolyak. - Otsenka effektivnosti investitsionnox proektov. - izdatelstvo «Delo» - M.: 1998.

6. Krushvich. L., Shefer D., Shvake M. Finansirovanie i investitsii. Sbornik zadach i resheniy/Per s nem.pod obhey red Sabova Z.A i Dmitrieva A.L.-SPb:Piter, 2001.

7. Rustamova I.B. Issledovanie effektivnosti privlecheniya investitsiy v malom i srednem biznese. Diss…. kand.ekon.nauk. -T.: 2000. 245 s.

8. Samatov G.A va boshqalar. Investirovanie i proektniy analiz. Uchebnoe posobie. – T.: ToshDAU. 2006. 228 s

9. Starik D.E. Raschyoti effektivnosti investitsionnix proektov. Ucheb.posobie.-M.: ZAO «Finstatinform», 2001.-131 s.4.

10. «Chet el investitsiyalariga ega loyihalarni amalga oshirish mexanizmini rag`batlantirishning chora-tadbirlari to'g`risida»gi 9.02.1998 y. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni.

11. Sharp U., Aleksander G., Beyli Dj. Investitsii: Per. s angl. - M. INFRA-M, 2007. 1028 s.

12. Vneshneekonomicheskaya deyatelnost: Uchebnik. /[B. M. Smitienko, V. K. Pospelov.S. V. Karpova i dr.]; pod red. B. M. Smitienko, V. K. Pospelova. - 4-ye izd., pererab. i dop.- M.: «Akademiya», 2007. - 304 s.